



Gwo remèsiman pou pwofesè nou yo pandan mwa apresyasyon pwofesè a

Chè Nouyòkè,

Mwen kontan pou m selebre pwofesè lekòl leta Vil Nouyòk pou devouman yo ak talan yo, pa sèlman pandan semèn apresyasyon pwofesè a, ki fèk sot pase a, men tou pandan tout mwa me a—pandan nou kontan pou chwazi l kòm Mwa apresyasyon pwofesè.

Kòm yon ansyen pwofesè, mwen konnen travay sa a pa sèlman yon karyè, men tou se yon misyon—yon misyon pou prepare timoun nou yo pou avni san limit. Mwen gen anpil rekonesans anvè pwofesè nou yo ki reponn apèl sa a pou leve timoun Lekòl leta Vil Nouyòk yo atravè yon bonjan edikasyon.

Lè m vizite lekòl kòm yo Chanselye, mwen jwenn enspirasyon ak motivasyon nan men pwofesè nou yo ak nan angajman yo genyen anvè timoun vil la. Kèlkeswa sa k ap pase nan senk borough nou yo, ak nan mond lan, pwofesè nou yo la pou elèv nou yo.

Yo ba yo lanmou ak sipò. Yo fè sa avèk anpil atansyon, gwo atant, ak yon kwayans fèm elèv yo ap atenn gwo objektif sa yo. Pwofesè nou yo enspire tou timoun yo pou gen gwo rèv/anbisyon yomenm...epi bay yo kapasite y ap bezwen pou kreye yon avni briyan pou tèt yo.

Mwen envite w ale gade ti [videyo](#) tou kout sa a kote mwen patage rekonesans mwen pou kontribisyon ak lidèchip pwofesè nou yo ak jan yo devwe tout yomenm pou ede lekòl nou yo prepare chak timoun. Tanpri itilize tou [DOE All-Stars tool](#) nou an pou ou eksprime apresyasyon w anvè pwofesè k ap fè yon diferans nan lavi w. Oswa montre rekonesans ou sou rezo sosyal lè w itilize hashtag #ThankaTeacherNYC.

Nan non tout Vil Nouyòk, n ap di tout pwofesè Lekòl leta Vil Nouyòk: Mèsi pou tout sa nou fè pou bay elèv nou yo kapasite ak enspirasyon pou devlope tout potansyèl yo... epi Bon mwa apresyasyon pwofesè!

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Videyo semèn lan



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).